

HM



RAPÒ ANYÈL

HistoryMiami Museum

YON KILTI KOMINOTE

ANE FISKAL 2022

HISTORYMIAMI MUSEUM

PWOTEJE AK PATAJE

ISTWA MIAMI

POU FAVORIZE APRANTISAJ

POU FÈ NOU SANTI MIAMI SE PA NOU LI YE

EPI POU KILTIVE YON KOMINOTE

KI ANGAJE

Tab Matyè



Pa Nimewo yo: Enpak HMM

4

Yon Mesaj Lidè Nou

5

Ekspozisyon & Koleksyon

6

Edikasyon

8

Pwogram & Evenman

10

Avèk Kominote a

12

Pwogram Manm yo

14

Nan Medya yo

16

Ane Finansye 2021-2022

18

Donatè Nou yo

20

Bòd & Pèsonèl

22

Moun Ap Pale

23



8



10



16

Pa Nimewo yo: Enpak HMM

100

nouvo objè amelyore
koleksyon nou



3,311

moun te eksploré sid
Florid la avèk City Tours
(visit Vil la)

11,747

élèv K-12 sèvi
atravè pwogram
lekòl yo



50,000

vizitè te sou plas



Plis pase

555,000+

moun te okouran
poutèt HMM!

Plis pase

500,000+

moun te okouran atravè
angajman dijital



Plis pase

125+

kolaborasyon
fèt avèk atis epi
òganizasyon
kominotè



794

kay te jwi
avantaj pou
yo manm nan
HMM



55

nou rekòlte ak pataje 55 nouvo Istwa Miami



Yon Mesaj Lidè Nou

Yon metwopòl ki se yon pòt pou antre nan echèl mondal, kote yon gwo kantite kilti kwaze, tout bon vre, Miami se yon vil ki majik. Epi HistoryMiami Museum se kote tradisyon ak istwa vil la chita depi plis pase 80 lane.

Atravè ekspozisyon, pwogram ak evenman, HMM bay yon bon pèspektiv ak yon kontèks sou istwa kolektif nou epi kijan nou ka itilize li pou nou byen dirije tèt nou nan moman an pou nou sa byen prepare avni nou. Kòm gadyen istwa vil la, **HistoryMiami se mize Miami li ye**, epi li montre yon vil ki dinamik ak konplike ki reklame plas lejitim li nan diskou nasyonal eksperyans Ameriken an.

La, nou **etabli konpreyansyon, nou selebre diferans nou epi nou onore limanite** - epi lè n'ap fè sa, nou kontinye pou nou ankouraje avansman ki pozitif, nou pote limyè sou batay sosyal yo epi nou envite tout moun nan sid Florid la pou travay avèk nou pou ansanm, nou kreye yon kominate ki pi bon, pi solid, ki gen tout kalite bagay ladan'l pou moun dekouvri.



Natalia Crujeiras



John Shubin

Gras a yon nouvo direksyon ki dinamik, n'ap avanse pou pi devan ak kè kontan pou nou planifye avni a. N'ap reve yon pi gwo ak pi bon fason pou nou pataje istwa Miami yo nan kay ki la pou tout tan. Vil nou avèk rezidan yo merite **yon mize ki nan yon nivo entènasyonal, kote tout moun santi yo alèz epi yo santi yo byen reprezante** - yon mize kiltirèl ki itil ak agreyab pou dekouvri ak selebre tou sa ki konsène Miami. Yon mize ki pare pou avni a epi ki montre kijan vil sila ap pwogrese san rete, epi kote chak vizitè kapab bati eksperyans li jan li vle a, menm jan n'ap batî Miami.

Nou pran angajman pou nou kenbe pwomès nou, e nou ankouraje'w pou toujou fè wout la avèk nou. Vin jwenn nou, pandan n'ap reve e konstwi nouvo HMM la, mize pa'w nan Miami.


A handwritten signature in black ink, appearing to read "Natalia Crujeiras".

Natalia Crujeiras
PDJ & Direktè Ekzekitif

A handwritten signature in black ink, appearing to read "John Shubin".

John Shubin
Prezidan, Konsèy Administrasyon

Ekspozisyon & Koleksyon



Ekspozisyon espesyal nou te prezante yon seri foto miltimedya ki konsentre sou istwa Miami epi yo montre eksperyans kominote nou, pandan mouvman ekspozisyon pèmanan nou vin garanti eritaj istorik zòn la.

FloodZone, yon seri gwo foto ke Anastasia Samoylova fè e kontinye ap fè, se yon repons vizyèl pou chanjman k'ap afekte environman a nan kòt vil sid Florid yo. Pandan l'ap jwe avèk tout motif habityèl nan zòn la, foto nan ekspozisyon yo - ki gen ladan yo, foto aeryen ki montre kat zòn la; pòtre moun ki lokal; avèk foto ki gen detay sou batiman ki andetrès, foto lanati ak zanimo. Imaj Samoylava yo montre moun k'ap vizite mize a, yon ide sou kisa moun santi lè yo rete nan yon zòn ki riske, pandan fòs ekonomik ki pèsistan yo ap mete la twoublay nan tèt nou.

Byen chita nan mitan Everglades ak Oseyan Atlantik la, ak yon rivyè k'ap koule nan kè li epi nan chimen yon sistèm metewolojik twopikal ki la an pèmanans, Miami souvan wè rezidan li yo anba dlo. **Storms and Flooding in Miami**, ki te mache ansanm ak *FloodZone* pou anpil nan rezidans li a, te konsentre sou South Florida Water Management District. SFWMD ki te kreye nan lane 1949 kontinye ap sipòte efò pou kontwole inondasyon nan tout konte a pou diminye domaj inondasyon yo te fè. Epi pandan zòn la ap goumen ak reyalite yon klima k'ap chanje ak enpak li sou lavi nan vil nou an, foto tanpèt ak inondasyon ki pase yo, la pou fè imajinasyon nou travay pou nou sa jwenn sa ki pral byento yon solisyon kritik.

Nan lane 2020, Miami, ansanm avèk lemond antye, te pase anpil mizè poutèt kòmansman COVID-19 la. Yon kote kote dè santèn de milye moun te rasanble pandan tout ane a - pou èskapad, maryaj, pwogram lannwit, manje, kilti ak plis ankò - rapidman vin tounen yon novo teritwa pou manifestasyon enjistis rasyal, ki se yon anblèm nan sanzabri toupatou nan peyi a. nan yon endistri amizman an danje ki san lè pou li kraze. **CAPTURE: A Portrait of the Pandemic** se yon kwonik nan chapit sa nan istwa nou a, ki rakonte atravè imaj ke natif natal Miami Rahsaan "Fly Guy" Alexander te pran. Yo te montre tou, ti fim dokimantè Alexander la **PIVOT: A 2020 Story**, yon gade entwospektif sou fason li te ravive pasyon li pou fè foto.

Ekspozisyon Community Gallery yo gen ladan yo **Linkages & Legacies**, ki te rakonte istwa Greater Miami (FL) Chapter of The Links, Inc., branch lokal yon òganizasyon volontè entènasyonal ki te sèvi kominate Nwa Miami yo depi kreyasyon li nan lane 1955. Travay nan chapit sila te mete aksan sou legliz yo ak kokenn chenn pyonye desandan Afriken nan Miami, jan li te fè sa dènyèman nan seri liv li yo,

Linkages & Legacies, sou ki egzibisyon an te baze.

Yon lòt ankò se te **Legacy Couples**, ki te devlope an patenarya ak Miami Beach Pride. Ekspozisyon an te pataje istwa pèsonèl, foto, entèvyou video ak odyo sou plis pase yon douzèn relasyon LGBTQ+ ki lokal pou mete aksan sou istwa rezistans ak fòs kominate sila.

100 objè nou te jwenn, klase nan bèl travay **koleksyon** nou yo, pamì yo materyèl ki soti nan de enstitisyon Miami ki te fèmen, Norman Brothers Produce ak orijinal John Martin's Irish Pub. Nou te ogmante aksè nan bibliyotèk dijital nou an lè nou kreye yon lyen dirèk pou li sou sitwèb nou an epi nou te ajoute nan koleksyon yo, koleksyon Claude Matlack - ki gen ladan'l prèske 500 imaj Miami nan lane 1920 yo.

Epi nan fè efò pou pwoteje pi plis koleksyon nou yo, yon novo È kondisyon (A/C), te enstale nan depo HMM la, epi nou jwenn aksè pou nou kontwole alam la a distans, ki fè siveyans depo an ak trezò ki andedan yo pi efikas.



Legacy Couples



CAPTURE

Edikasyon



City Tour ak Dr. George



Family Fun Day

Sant Edikasyon HMM ofri timoun, jèn ak granmoun yon varyete ki gen yon pakèt eksperyans aprantisaj enklizif ak aksesib ki konsentre sou anviwon 10,000 lane oswa plis toujou nan istwa Miami.

Pandan ane akademik 2021-2022 la, mize a te dirije plis pase 200 **pwogram lekòl** ki te angaje 11,747 elèv ki soti nan 125 lekòl ak 48 gadri; de kòmanditè espesyalman pou pwogram sila, Amerant Bank avèk The Kirk Foundation te bay pwogram gratis pou 1,100 ladan yo. Timoun ak jèn ki patisce yo te vizite mize an ak sit istorik ki ozalantou Miami, yo te ka fèl andedan sal klas la a epi sou entènèt tou, epi yo te resevwa yon Family Pass gratis ki bay kat moun aksè pou yo antre nan mize a san yo pa peye.

Resous edikatè pou pwofesè K-12 yo te ogmante pou de jou atravè yon pwogram devlopman pwofesyonèl pou Miami-Dade County Public Schools Department of Social Sciences. Karant pwofesè ki soti toupatou nan konte a te vini nan HMM pandan ete a pou aprann sou diferan pwogram lekòl mize a ofri, ki gen ladan'l resous sou entènèt pou ranfòse kourikoulòm yo nan sal klas. Envite nou yo te kapab enskri tou pou vin manm nan pwogram Educators' Circle la.

Free Family Fun Days ki fèt chak mwa, bay timoun tout laj ak kapasite pou yo jwi benefis pou yo echanje pawòl e pase bon moman avèk fanmi yo. Yo chak gen yon tèm dapre yon sijè istorik, ekspozisyon mize, jou ferye yo pran chak mwa, epi yo prezante travay atis ak atizana, ti istwa, mizik, dans ak lòt aktivite edikatif ke yo bay jarèt avèk demonstrasyon epi pèfòmans ke atis lokal yo te dirije. Lòt FFD nan ane fiskal ki sot pase a te ajoute eksplorasyon mouvman dwa sivil, eritaj ak kilti Ameriken Azyatik, istwa fanm, achitekti Sid Florid ak fyète LGBTQ+.

Pwogram edikasyon granmoun yo gen **City Tours** landan yo, ki se yon vizit vil la ki popilè anpil, vwayaj a pye epi pa lanmè nan pwen lokal ki enpòtan yo, e se istoryen rezidan Paul S. George, Ph.D., ak lòt moun ki byen konnen istwa ak kilti zòn la ki te dirijel. Ti vwayaj espesyal te gen ladan yo yon vizit nan distri istorik Flagler District ki te fèt menm moman ak inogirasyon Miami Mural Festival - an kolaborasyon avèk atis Daniel "Krave" Fila ak Mana Public Arts - epi yon kwazyè rivyè ak Miami Waterkeeper ki te

egzamine pwoblèm yo ki aktyèlman ap afekte kòt Sid Florid la e kijan pou ede konstwi yon Miami ki pi rezistan.

In Class With Dr. George se yon lòt ki toujou ap mennen. Seri sou entènèt sila te fè yon gade apwofondi nan istwa katye Brickell Avenue, vilaj Miami Shores, Little Havana, Coconut Grove ak Fort Lauderdale, epi li te prezante yon gwoup oratè ki byen chwazi.



City Tours



Family Fun Day



City Tours

Pwogram & Evenman



Rose Max & Ramatis



Cultural Encounters

Pwogram ak evenman HMM yo se yon rapèl byen prepare e k'ap fèt tout tan pou raple moun ki sa ki fè Miami, Miami.

Seri **Heritage Spotlight Artist-in-Residence** nou yo - ki mennen nan mize a, atis tradisyonèl lokal ki gen tout kalite estil pou pèfòmans, atelye ak patisipasyon nan evenman publik yo - akeyi yon duo mizik Brezilyen Rose Max & Ramatis pou ranpli galeri ak plas nou yo ak son mizik samba, bossa nova ak chorinho. Rezidans yo te gen ladan'l yon pwogram lekòl espesyal nan yon lekòl segondè, yon atelye pèkisyon samba Brezilyen ki sou plas ak yon

konsè sou entènèt ki te atire prèske 1,000 telespektatè.

Patisipan yo nan pwogram **Cultural Encounters** nou yo te jwi yon sware istwa mizik, kilti ak koneksyon nan magazen selèb Miami Sweat Records - epi yo te eseye vire plato aparèy didje yo tou. Yo te vizite restoran Dominiken ki pi ansyen nan Miami tou ki rele Club Típico Dominicano, pou yo tande mizik yo epi pou goute manje yo nan gou ak son Republik Dominikèn, epi yo te monte sou pis la pou yo danse sou pèfòmans atis Reylin Pascual ki fè mizik merenge.

CultureFest 305 te bay yon lòt jounen chofe ak mizik, dans, manje ak atizana pou moun tout laj. Nan pèfòmè yo, te gen pèkisyonis Willie Stewart, Clarita Filgueiras & Flamenco Puro Dance Company, ak Bachaco ak son rege ak Laten yo. Jounen an tou te prezante Louines Louinis Haitian Dance Theater, Ukrainian Dancers of Miami ak Rhythms School of Dance.

Fouye yon lòt fwa ankò nan pase ak prezan Sid Florid atravè konvèsasyon ki modere ak atis, aktivis ak moun ki gen enterè nan kominate a ki sòti nan yon varyete disiplin, **Sip of History** te leve vè li ak istoryen rezidan nou an, Paul S. George, Ph.D., ak Craig Morell, direktrice The Kampong la, pandan patisipan yo te aprann sou rezidans sila ak anviwonman inik nan zòn la.



CultureFest 305



CultureFest 305



CultureFest 305

Avèk Kominote A



Saltwater Underground Railroad Tour



Family Expo

Bay resous enpòtan ak sipò pou kominote a se yon pati esansyèl nan travay HMM. Avèk kolaborasyon byen chwazi ak lòt moun epi lòt òganizasyon k'ap sèvi publik la ogmante efò sa yo.

Spirit Airlines te potekole avèk nou pou onore veteran Sid Florid yo pou yo jwenn admision gratis pou yo ak fanmi yo nan HMM pandan tout ane a, pou yo jwenn rabè nan City Tours, aksè nan evenman espesyal yo ak lòt avantaj manm toujou.

Nou fè patenarya ak **Bill Baggs Florida State Park** pou evenman Saltwater Underground Railroad yo a pandan Mwa Istorik Nwa, epi nou te dirije yon ti mache entèaktif 90 minit nan pwopriyete a pou plis pase 150 envite yo pou pou diskite sou wòl Key Biscayne te jwe nan pati wout istorik sila ke souvan yo neglige.

Yon kolaborasyon ak **Miami-Dade Public Library System** te pèmèt nou distribye sache ki gen mak HistoryMiami ki gen ladan yo resous edikatif ak Family Pass gratis pou sèt lokasyon, kòmanse mwa Mas pou rive mwa Me, pou sèvi 1,500 moun.



Family Expo

Toujou pou kontinyasyon patenarya nou ak **Village(Free)dge**, anplwaye mize yo te patisipe nan selebrasyon òganizasyon Juneteenth la nan kolekte atik manje ki pa gate, atik twalèt, epi rad ak soulye pèpè pou distribisyon nan evenman an, ki te sèvi apeprè 400 moun. Pandan nou te sou plas nou te ede prepare ak sèvi manje, angaje patisipan yo nan koleksyon ansèyman ak aktivite nou yo, epi pataje materyèl sansibilizasyon HMM, Family Pass yo epi ti liv Summer Passports nou yo.

Retounen lekòl la te wè nou yon lòt fwa ankò nan **Family Expo The Children's Trust** la, kote nou te angaje ak prèske 1,700 vizitè, bay plizyè diferan aktivite jwèt ak distribye sache ki gen mak HistoryMiami yo ki te gen resous ak enfòmasyon sou mize a.

Epi gras ak sipò The Jorge Pérez Family Foundation pami lòt siro tou, nou te lanse yon novo **pwogram fotografì** ki konsantre sou bay sipò ak rekonesans bay atis ak elèv k'ap kreye travay ki reflete eksperjans BIPOC la nan Miami, yon inisyativ nou espere pataje plis enfòmasyon avè'w sou li a mezi l'ap devlope a.



Evenman Village(Frees)dge

Pwogram Manm Yo



Harold Holzer



Caroline B. LaPorte



Alaina Roberts,
Ph.D.



Hon. Frank Williams

Manm nan HistoryMiami yo ogmante plis pase 26% pandan ane fiskal ki sot pase a, sa ki fè kantite kay ki bay sipò esansyèl pou travay nou rive 794. Jenerozite yo bay yo posibilité pou yo jwenn bon jan benefis ekslizif ki gen ladan yo, yon pakèt pwogram ki pou manm sèlman, aksè davans pou nouvo ekspozisyon yo, vizit prive yo ak plis ankò.

The 13th Annual Presidential Symposium la - yon evenman manm yo t'ap tann anpil - te ouvri yon lòt diskisyon apwofondi sou istwa epòk Lincoln, kote yo te ekzamine wòl Ameriken Nativ Natal yo te jwe pandan Lagè Sivil la. Se Harold Holzer, yon savan sou Abraham Lincoln, ki t'ap jere diskisyon a ki te gen kòm envite nan panèl evenman an Caroline B. LaPorte, jij asosye nan Little River Band of Ottawa Indians ak konseye jidisyè pou Seminole Tribe of Florida; Alaina E. Roberts, Ph.D., pwofesè asistan Department of History nan University of Pittsburgh; ak Hon. Frank J. Williams, jij an chèf retrete Supreme Court nan Rhode Island.

Fondatè Urban Oasis Project Art Friedrich, pwoprietè Heritage Market David Torcise ak chef Chantelle Sookram te dirije yon diskisyon pa entènèt sou mouvman **South Florida's farm-to-table movement** sou kijan agrikilti te fòme peyizaj lokal la. Pwogram la te tèlman popilè ke yon dezyèm diskisyon sou plas ak vizit nan Heritage Market la te disponib pou manm yo sèlman.



13th Annual Presidential Symposium la te eksplore wòl Ameriken Nativ Natal yo te jwe pandan Lagè Sivil la.




Vizit Heritage Market Pou
Manm Sèlman

Pamela Palma, direktè PLY-Miami Fiber Art Collective, te rejwenn atis pwojè parèy li yo pou prezante yon diskisyon entèaktif sou travay yo, ***Julia Tuttle: The Mural*** - yon zèv atizanal ki te kreye avèk plizyè santèn fèy ak flè, fil, lèn ak twal - ak fanm yo rekonèt kòm "Manman Miami."

Nou te vizite Wolfsonian-FIU pou wè travay atis ***Bas van Beek ki baze nan Rotterdam*** nan yon toune espesyal konsèvate, epi nou te ale nan Moxy Miami South Beach pou yon manje midi sou tèt kay la nan Serena.

Manm yo te rankontre ak dyalogwe pandan yo te montre yo yon ti pati ***CAPTURE: A Portrait of the Pandemic*** an prive, apre sa te gen yon resepsyon pou ouvri sware a avèk fotograf ki fè ekspozisyon a, Rahsaan "Fly Guy" Alexander.

Epi nou te reyini ansanm pou'n fè yon gade dèyè sou travay nou - e rekonèt manm nou - nan **82nd Annual Membership Meeting** nou.



Julia Tuttle: The Mural

Nan Medya Y



Sware Ouvèti pou CAPTURE



Pou nou kenbe rezidan yo, touris yo ak moun ki gen enterè nan kominote a okouran pwogram ki disponib nan HistoryMiami – epi ogmante pwofil lokal, nasyonal ak mondal nou – se yon responsabilite pou ekip maketing nou. Avèk yon apwòch ki gen ladan'l jounal, dijital, televizyon ak radyo, li kenbe tout moun enfòme sou aktivite mize a.

Pandan ane fiskal ki sot pase a, HMM te parèt nan nouvèl yon pakèt medya, pam yo *Miami Herald*, *The Miami Times*, *Miami New Times* – ki te nonmen nou **Pi Bon Mize pou 2022** – *Biscayne Times*, *TimeOut*, *The Art Newspaper*, nouvèl nan televizyon lokal, MSN, Yahoo News ak EFE, pi gwo ajans nouvèl lang panyòl nan mond lan.

FloodZone ak **CAPTURE: A Portrait of the Pandemic**, te jwenn anpil atansyon nan medya yo, tou de yo te lanse ak yon resepsyon kote anpil moun te prezan, epi ki te kreye gwo eksitasyon ak enterè pou ekspozisyon sa yo.

Anons nouvo **PDJ ak direktè ekzekitif** nou, **Natalia Crujeiras**, te fè anpil bwi nan nouvèl yo, ak repòtaj sou *Miami Today*, *Herald la*, CBS 4 Miami, NBC 6 South Florida ak lòt medya ankò.



98,491
FANATIK KI
REAJI SOU PAJ
MEDIA SOSYAL

Zanmi ke nou renmen anpil "**Dr. George**" toujou jwenn bél akèy nan men medya yo, lè li mande pran lapawòl sou tout bagay soti nan lè ba selèb Churchill's Pub Miami a fèmen rive nan lanmò Rèn Elizabeth II.

Anpil gwo medya te sou plas pou sipòte novo **ekip fotografik** ke nou fèk lanse a - ogmante enterè nan pwogram la avèk moun nou chwazi pou benefisyè bous la, **Woosler Delisfort** - epi pou pwogram **Summer Passport** nou an.

Nou te kontinye patenarya nou tou ak **Miami Heat** pou kontinye pataje pi plis istwa Black Miami; resevwa **Association of African American Museums** ak **Florida Association of Museums**; epi ekzekite lansman yon novo sitwèb ki aksesib.



Rahsaan "Fly Guy" Alexander ak manman'l nan sware ouvèti a.



Sware ouvèti pou *FloodZone* ak Anastasia Samoylova ak envite mize yo.

Paul S. George, Ph.D.



1,400

PWOMOSYON
ANDIRÈK DIVÈS
MEDYA



37,000+
FANATIK SOU
INSTAGRAM




27,000
FANATIK SOU
FACEBOOK



20,000+
FANATIK SOU
TWITTER

Yon Brèf Koudèy Sou Finans La – Revizyon Nan HMM



Depans

(An Pousantaj, FY21-22)


Sèvis Pwogram yo	4,241,780
Jeneral ak Administratif	902,419
Ranmase Lajan ak Developman	524,164
Total	5,668,363

SOUS: DEKLARASYON ODIT DEPANS FONKSYONÈL YO

Revni

(An Pousantaj, FY21-22)

Sibvansyon Gouvènman Lokal	2,236,352
Don Itilizasyon Ofis yo	1,617,648
Kontribisyon	882,011
Transfè Donasyon	325,000
Lajan ki Antre	305,457
Total	5,366,468




Pozisyon Finansye*

	AKTYÈL	Mize	Donasyon	ISTORIK			
				2022	2021	2020	2019
Byen	3,609		16,083	19,692	23,535	19,947	18,793
Responsabilite	471		-	471	674	904	567
Total Posesyon	3,138		16,083	19,221	22,861	19,043	18,226

Aktivite Finansye*

		Total Fon			
		2022	2021	2020	2019
Revni Operasyon		5,041	5,000	5,236	4,873
Depans Operasyon		5,668	5,156	5,291	5,727
Ogmantasyon (Diminisyon) nan Operasyon Posesyon Total yo		(627)	(156)	(55)	(854)
Ogmantasyon (Diminisyon) nan Lòt Posesyon yo		325	650	630	680
Total Ogmantasyon (Diminisyon) nan Posesyon Total yo		(302)	494	575	(174)

Kwasans Nan Posesyon Total Yo*



* Nan plizyè milye dola

Remak: Chif FY22 yo reprezante yon tranzisyon ki vin tounen yon "nouvo nòmal" apre sispansyon finansman adisyonèl gouvenman a te bay nan dènye twa ane epòk COVID.

Donate Nou

\$1,000,000 +

Miami-Dade County

\$100,000 - \$999,999

Ansin Foundation

\$50,000 - \$99,999

The Jorge M. Pérez Family Foundation
State of Florida Department of Cultural Affairs
John and Susannah Shubin

\$25,000 - \$49,999

Leon Medical Centers
National Endowment for the Arts
Peacock Foundation
Superlative Creative
The Batchelor Foundation
The Kirk Foundation
Michael and Julie Weiser

\$10,000 - \$24,999

Badia Spices
Daly Family Foundation
Michael and Susanna Gold
Jackson Health System
Sallye Jude
Miami Downtown Development Authority
Spirit Airlines Charitable Foundation
The Children's Trust
The Miami Foundation
William J. and Tina Rosenberg Foundation

\$5,000 - \$9,999

Eoghan Ballard
Bank of America
Shane Battier
Alex and Jessica Dominguez, AT&T
Mark Migdal & Hayden

Eric Mendelson, HEICO Corporation

Mollie Zweig Foundation

Kenneth O'Keefe and Jason Stephens

Shore Capital Partners LLC

Scott and Helena Weiser

\$2,500 - \$4,999

Robert Battle

Paul Bedi

Bermont Gold Wealth Advisory of Raymond James

Kieran Bowers

Brian and Jennifer Coulter

Sheryl Gold

Stuart and Karyn Grossman

Ashley and Jennifer Keller

Dave and Roberta Lawrence Jr.

Pedro and Miriam Lopez

Peter Lopez

Curtis Mase

Rene Rodriguez

Michael Simkins

Bill and Jean Soman

White & Case LLP

Bruce Wilson

Jon and Renee Zahourek

Stephen Zieminski

\$1,000 - \$2,499

Monica Alarcon

Ken Anderson

Michael Carricarte Sr. and Adriana Molina

Tony and Conchi Argiz

Bal Harbour Village

Jeffrey Bass

Peter and Kerrin Bermont

Samuel Boldrick and Eddy Casado

Dennis and Deborah Campbell

Christina Cuervo

Ross Dakin

Daniel and Elena Davila

Earthview Capital LLC

Richard Ebsary

Maurice Ferre
Ronald Frazier
Richard Glass
Paul and Joan Gluck
Andrea Graham Rechichi
Bonnie Hoffman
Jessie Houston
Phillip Hudson III and Sandra Kaufmann
Avra Jain and Dalia Lagoa
Elizabeth Pryor Johnson
Richard Klingler
Iris Guzman Kolaya and Tim Kolaya
James Kushlan and Kirsten Hines
Faith and David Mesnekoff
Sandy and Ellen Nusbaum
Robert and Lyn Parks
Gonzalo F. Pontes
Michael and Diane Rosenberg
Ybis Sanabria
Wallis and Dinizulu Tinnie
Carlos Prio Touzet and Jacqueline Gonzalez Touzet
Rodolfo Prio Touzet
Daun Van Ee
Elissa Vanaver and Roman Lyskowski
Pedro Velar
Ann and Jorge Zamanillo

\$500 - \$999

Elisa Chemayne Agostinho
Loreal Arscott
Gregg Baran
Jose and Tina Carlo
Javier Casillas
John Cornell
Cody Crowell
Michael and Paula Fay
Alexander Fernandez
Pamela Garrison
David Given and Cameron Given
Alan Greer and Hon. Patricia Seitz
Jose Hevia
Tom and Mary Huston
Michael Knoll
Dennis and Maureen Lefebvre
Beth Lotspeich
William and Elizabeth Marquardt

Derek McDowell
Camilo Miguel Jr.
Alberto Milo Jr.
Donald and Ann Morrison
Hon. Celeste and William Muir
Mary Jo Nimnicht
Daniel and Charlotte O'Connell
Richard and Silvia Perez
Lewis and Esta Ress
Saul and Mary Sanders
Benjamin Schall
Hon. George Scholl
Cornelius Sigety
Brian Smoluch
Eduardo Stern
James and Betsy Tilghman
Stephen Weber
Hanno D. Wentzler
J. Calvin Winter III and Pamela Leroux-Troxell

\$250 - \$499

Eduardo Avila
Mary McTague Byrom
S. Turner Dean
Ian DeMello
Lee Feldman
Fortune International Group
Howard Friedberg
Paul and Laura George
Joseph Goldstein
Dylan Helfand
Ian Highet
Neisen and Ana Kasdin
Stephen Kauser
Mark Liss and Bonnie Burt
Mitchell and Elizabeth Lundeen
Edwin and Aubrey Lunsford
Yvonne Makenna
Andrew Merschel and Lori Peñaloza-Merschel
Emmett M. O'Donnell
Ramiro and Alicia Ortiz
David Persson
John and Diane Quick
William and Lynda Randolph
William Sklar
Kemp Stickney

Konsèy Administrasyon & Anplwaye

KONSÈY ADMINISTRASYON

John K. Shubin, Prezidan
Michael D. Gold, Vis Prezidan
Alex A. Dominguez, Sekretè
Ronald E. Frazier, Trezorye
Elissa Vanaver,
 Reprezantan Aletranje
Michael A. Carricarte Sr.,
 Reprezantan Aletranje
Michael Weiser,
 Dènye Prezidan Imedya

Brian Barroso
Leighton Brown
Christina Cuervo
Jorge Gonzalez
Jacqueline Gonzalez Touzet
Mark E. Grafton
Iris Guzman Kolaya
Joe Jimenez
Elizabeth Pryor Johnson
Walther Thomas Richardson
Carlo A. Rodriguez
Anthony Rolle
Stephen A. Weber

KONSÈY DONASYON

Benjamin Bohlmann, Prezidan
Linda Lubitz-Boone, Administratè
Jonathan Kislak, Administratè
Ramiro Ortiz, Administratè
Camela Glean-Jones, Administratè

LEADERSHIP TEAM

Natalia Crujeiras,
 PDJ/Direktè Ekzekitif
Michael Knoll,
 Vis Prezidan Inisyativ Estratejik
 ak Chèf Konsèvatè
Stefanie Fornaris,
 Direktè Finans
Alberto Sigarroa,
 Direktè Devlopman
Christopher Barfield,
 Direktè Ekpozisyon
Adriana Jaén Millares,
 Direktè Koleksyon
Michele Reese Granger,
 Chèf Direktè Maketing ak
 Kominikasyon

ANPLWAYE

Ingrid E. Argueta
Sobourney Barnes
Vanessa Contreras
Margarita Echeverri
Catherine Farmer
Alicia Foster
Anita Francois
Rosabel Gomez
Marcos A. Laffitte
Bárbaro Marquez
Hilda Masip
Vanessa Navarro Maza
Alan Muller
Crystal Rodriguez
Olgasabrina Rueda
Jeremy Salloum

Hana Squires
Suarmis Travieso Lewis
Ashley Trujillo
Emily Vera

EDIKATÈ

Alexander Callahan
Jean Cidelca
Drew Deng
Dahlia Duenas
Alvaro Fernandez
Jeremy Gates
Cristian Gonzalez
Dani Gutierrez
Darianne Hernandez
Nilka Maisonet
David Miller
Jazmyn Moncrieffe
Sally Rankin
Sonya Tapia
Aleasha Valsaint
Ana Vergara
Manuel Yow
Michele Zakis
Gianella Zumaran

ANPLWAYE SIPÒ A TAN PASYÈL

Jessica Guerrero
Arsenio Pino
Hector Ramos-Pupa

ISTORYEN REZIDAN

Paul S. George, Ph.D.

MOUN AP PALE

“Mwen renmen enklizyon nan HMM – anpil lang ak kilti lokal mwen pat janm fè eksperyans yo anvan. Mwen pral definitivman retounen ankò!”

– PATISIPAN CULTUREFEST 305

“Ou te ka literalman pase tout jounen isit la pou gade tout diferan eksposizyon yo – kote sa ekstraòdinè! Pa gen pwoblèm si ou gen 1 oswa 100 lane, gen yon bagay pou ou isit la.”

– YON VIZITÈ MIZE A

“Se te bèl bagay pou aprann sou istwa samba – atelye a te enteresan, li bay anpil enfòmasyon, e mwen te renmen mizik ki t’ap jwe!”

– ROSE MAX & RAMATIS PATISIPAN ATELYE

“Senpozyòm Prezidansyèl la se youn nan pi bon evenman nan Konte Miami-Dade. Mèsi anpil dèské nou bay mwen opòtinite enteresan sa yo.”

– YON MANM MIZE A

“Ale nan diferan kominate Miami yo epi viv eksperyans divèsite a, se pi bon bagay nan pwogram HMM.”

– YON PATISIPAN RANKONT KILTIRÈL

“Yon sant kiltirèl ki tabli nan mitan anba lavil la, k’ap pote limyè sou divès istwa ak karaktè nan Miami. HistoryMiami se yon eksperyans ekstraòdinè ki plonje byen fon nan trezò tan lontan yo.”

– YON VIZITÈ MIZE A

“Se yon bèl opòtinite pou’w wè vil la yon lòt fason! Mwen te aprann sou istwa tout sit nou te vizite yo.”

– YON PATISIPAN CITY TOURS



101 West Flagler Street
Miami, FL 33130
305.375.1492
e.info@historymiami.org
www.historymiami.org
Open 10 a.m. - 4 p.m., Wednesday - Saturday
Open noon - 4 p.m., Sunday

#HistoryMiami #HMTurns80



To support HistoryMiami today,
[visit www.historymiami.org/support](http://www.historymiami.org/support)



HistoryMiami Museum is accredited by the American Alliance of Museums, and is an active member of the Florida Association of Museums. We are supported by the Miami-Dade County Department of Cultural Affairs and the Cultural Affairs Council, the Miami-Dade County Mayor, and the Board of County Commissioners. Support is also provided by the State of Florida, Department of State, Division of Cultural Affairs, and the Florida Council on Arts and Culture.

To request materials in an accessible format and/or any accommodation, please call 305-375-1621 or email accessibility@historymiami.org at least two weeks in advance of your visit. Parking available at a discounted rate for museum patrons in the Miami-Dade Cultural Plaza Garage, 50 NW 2nd Ave. To support HistoryMiami Museum through our membership programs, call 305-375-1618 or email membership@historymiami.org.